

BAB V

PANUTUP

5.1. Kacindekan

Novel nya éta karangan fiksi naratip anu ambahanna leuwih lega ti karya sastra séjénna, nu mibanda galur carita nu ngarancabang, biasana ngagambarkeun kahirupan anu diréka-réka tur dibeungkeut ku unsur-unsur pangrojongna.

Analisis struktural karya sastra dianggap salaku métode anu miboga tujuan pikeun méré pangajén kana karya sastra. Hal éta bisa dilakukeun ngaliwatan cara idéntifikasi, ngulik jeung ngadeskripsikeun fungsi jeung unsur-unsur instrinsik nu aya dina karya sastra.

Objék tina ieu panalungtikan nya éta novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar. Nu jadi dadasar dipilihna novel *Perang Bubat* ieu nya éta novel ieu ngirut pikeun ditalungtik eusi caritana. Analisis struktural kana novel *Perang Bubat* ieu ngagunakeun tiori Robert Stanton yén unsur-unsur karya fiksi téh diwangun ku: 1) téma carita, 2) fakta carita (galur, tokoh, latar), 3) sarana carita (puseur paniten, gaya basa jeung nada/suasana, judul), sarta 4) amanat.

Dumasar kana hasil analisis struktural kana novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar bisa dicindekkeun sakumaha ieu di handap.

- 1) Téma carita dina novel *Perang Bubat* nya éta ngeunaan kajadian perang anu lumangsung di alun-alun Bubat antara karajaan Sunda jeung Majapait dina taun 1356 Masehi.
- 2) Fakta carita nu nyampak dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar nya éta di antarana: a) galur dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar téh nya éta galur marélé. Digolongkeun kana tahapan galur marélé ku sabab alur caritana téh ngaguluyur ti bagian ka bagian, ti awal nepi ka ahir carita (ti mimiti datangna utusan karajaan Majapait ka karajaan Sunda, nepi ka kajadianna perang Bubat antara Majapait jeung karajaan Sunda); b) palaku nu ngalalakon dina novel *Perang Bubat* ieu aya loba pisan. Ku sabab caritana nu miboga latar karajaan tangtu waé tokoh nu kacaritakeun ogé loba, tapi aya sababaraha palaku penting anu kamunculanana ngamekarkeun eusi carita, diantaranya: (1) Prabu Linggabuana, (2) Putri Citraresmi Dyah Pitaloka, (3) Gajah Mada, (4) Mangkubumi Bunisora Suradipati, (5) Prabu Hayam Wuruk, (6) Niskala Wastu Kencana, jeung (7) Tribuwonotunggadewi Jayawisnuwardani; c) Dina novel *Perang Bubat* karangan Yoseph Iskandar ieu hasil analisis latar anu dipedar aya tilu, nya éta: (1) latar tempat, (2) latar waktu, jeung (3) latar sosial. Latar tempat utama nu sering kacaritakeun dina ieu novel aya tilu nya éta; (1) Kawali, puseur dayeuh karajaan Sunda, (2) Trowulan, puseur dayeuh karajaan Majapait, (3) Alun-alun Bubat. Latar waktu anu dicaritakeun dina ieu novel nya éta isuk-isuk, beurang, soré jeung peuting. Aya ogé titimangsa taun 1365 Masehi digunakeun pikeun nandeskeun deui

kajadian nu dicaritakeun téh aya dina mangsa baheula. Latar sosial tina ieu novel nya éta mangsa karajaan, tangtu waé ieu novel ngalibetkeun status sosial nu aya di jaman karajaan. Salian ti éta dina ieu novel ogé disebutkeun sababaraha tradisi masarakat Sunda jaman baheula seperti tradisi seba upeti jeung upacara Srada Suci.

- 3) Sarana carita nu aya dina novel *Perang Bubat* di antarana: a) judul novel *Perang Bubat* jadi panuduh kana eusi nu rék dicaritakeun nya éta ngeunaan perang anu kajadian di alun-alun Bubat antara wadiabala karajaan Majapait jeung Karajaan Sunda; b) puseur panitén nu digunakeun dina ieu novel nya éta jalma katilu. Pangarang mosisikeun manéh salaku jalma katilu, ku sabab pangarang bisa nyaritakeun sakabéh karakter, sakapeung dina nepikeun pamadeganana pangarang sok ngagunakeun palaku-palaku anu aya dina carita atawa ku cara ngaliwatan caritaan langsung ti pangarangna sorangan; c) gaya pangarang Yoseph Iskandar dina nyusun paguneman karasa pisan hirupna, teu monoton, teu bulat-beulit, sanajan loba kekecapan nu hésé dipikaharti ku sabab pangarang ngagunakeun basa buhun. Nada/suasana dina novel *Perang Bubat* kapaluruh tina gambaran lingkungan jeung alam sabudeureun, sarta kajiwaan anu patalina jeung perasaan palaku.
- 4) Amanat nu hayang ditepikeun dina novel *Perang Bubat* nya éta: a) tong sok wani-wani ngarempak aturan atawa kabiasaan anu geus aya; b) ulah nurutkeun teuing hawa napsu, dina nyokot hiji kawijakan téh kudu dipikirkeun deui sabab akibat nu bakal ditarima; c) jadi jalma teh ulah

ambisius teuing ku sabab sok matak mawa kagoréngan pikeun diri sorangan tur balaréa.

5.2. Saran

Analisis struktural ngeunaan novel ieu kaasup kana panalungtikan kasusastraan. Ngan hanjakalna ngan saeutik mahasiswa nu miboga minat pikeun nalungtik ngeunaan kasusastraan. Minat mahasiswa kana kasusastraan beuki lila beuki turun waé. Contona, katingal tina skripsi nu nalungtik ngeunaan kasusastraan leuwih saeutik tibatan nu nalungtik ngeunaan kabudayaan jeung bahasa.

Ieu skripsi nu nalungtik ngeunaan struktur novel, masih kurang kénéh ka sampurna. Ku kituna perlu deui aya nu ngayakeun panalungtikan ngeunaan struktur novel keur ngeuyeuban ieu skripsi. Mugia ieu skripsi bisa jadi bahan motivasi pikeun nu boga karep nalungtik ngeunaan kasusastraan.